

Syans Lekti



Kesyon pou Poze Lekòl Ou An

Èske lekòl lokal ou an ap itilize bon materyèl ak estrateji ansèyman pou aprann timoun yo li?



Men kèk kesyon pou poze sou [syans lekti](#) nan Jounen Pòt Ouvri yo, Konferans Paran-Pwofesè yo ak lòt reyinyon avèk pwofesè yo pou konvèsasyon an kòmanse.

Kesyon Jeneral

- **Ki apwòch** ou konn itilize pou anseye lekti ak ekriti? (Nòt pou paran yo: Li ta dwe yon apwòch alfabetizasyon estriktire, men pa yon alfabetizasyon ekilibre oubyen yon langaj global.)
- **Ki kourikoulòm** oubyen pwogram w ap itilize? (Nòt pou paran yo: Kapab genyen petèt plis pase youn, men materyèl prensipal ki itilize yo ta dwe nan [lis eta apwouve a](#).)
- **Konbyen tan** ou konsakre chak jou pou bay enstriksyon dirèk nan itilize materyèl sa yo? Chak semèn? (Nòt pou paran yo: Se pa nòmal si yo pase sèlman yon ti pousantaj tan aprantisaj alfabetizasyon an ap itilize materyèl apwouve pa Eta yo.)

Lekòl la p ap swiv syans lekti a?

Wòl ou antan ke yon paran vrèman enpòtan nan Ohio, ki se yon eta a "kontwol lokal". Men kèk mezi pou pran si yon pwofesè oubyen yon lekòl p ap swiv syans lekti a:

- **Pale avèk pwofesè a e avèk administratè batiman an** (Direktè oubyen Direktè Adjwen, pa egzanp) nan yon imel oubyen reyinyon pou pataje preyokipasyon ou yo. Pataje [lwa eta](#) ak paj wèb Read Ohio [Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio yo](#) pou apiye preyokipasyon ou yo.
- Si ou toujou gen preyokipasyon: **Pale ak yon lidè distri** (Sirentandan, oubyen si pitit ou an ale nan yon lekòl kominotè, pale avèk [esponnsò lekòl la](#)).
- Si ou toujou gen preyokipasyon: **Pale avèk konsèy eskolè lekòl lokal** ou an ki te apwouve politik ak pwosedi lekòl pitit ou an. Enfòmasyon sou kontak pou konsèy eskolè a abityèlman sou sitwèb distri a oubyen manyèl elèv yo.
- **Pale ak lòt paran ki preyokipe yo** epi voye yon mesaj pou lekòl la kòm yon gwoup. [Lòt paran Ohio yo](#) te gen siksès avèk estrateji sa.
- Si ou bezwen èd pou travay avèk konsèy eskolè a oubyen distri a: **Pale avèk Kowòdonatè Zòn lan**. Genyen yon lis kontak sou sitwèb Depatman Edikasyon ak Mendèv OHIO a.

- Si ou te fè tout etap sa yo epi lekòl ou an pa toujou swiv syans lekti a: **Voye yon imel nan ombudsperson@education.ohio.gov**, yon moun ki ap mennen envestigasyon, fè rapò epi ede regle plent yo.
- Si pitit ou an ap resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal yo: **[Depoze yon plent](#)** pandan w ap itilize pwosesis Rezolisyon Konfli Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a.

Kesyon Espesifik Sou Lekti ak Ekriti Pitit ou an

Li bon pou poze pwofesè yo divès kesyon espesifik sou ki kote pitit ou an ye nan aprantisaj li a epi si yo sou wout pou satisfè objektif yo pou nivo klas la.

Pou Jèn Lektè ak Ekriven yo

- Èske pitit mwen an ap li, anwo oubyen [pi ba pase nivo klas la](#)?
- Ki **son lèt** pitit mwen an konnen?
- Èske li **ka pwononse** divès mo epi apre sa konbine yo pou li yo?
- Ki konpetans **lekti** espesifik pitit mwen an deja ap aprann, epi sou ki konpetans l ap travay kounye a menm?
 - Pa egzanp:
 - vwayèl kout(cat, pop)
 - konbinezon - de oubyen plis konsòn youn apre lòt (flag, jump)
 - digraf – de lèt ki fè yon sèl son (ship, path)
 - “e” mwè oubyen majik (kite, mile)
 - ekip vwayèl (rain, play) elatriye.
 - mo kontwole pa r (for, car, her)
- Mande pwofesè a divès kopi **lis konpetans yo (kapasite ak sekans)** epi mande ki kote nan lis la pitit ou an ap byen travay epi ki kote li bezwen fè pratik.
- Kòman **ekriti** oubyen fòmasyon lèt pitit mwen an ye? (Èske li otomatik ak fliyid)
- Èske yo koupe son yo apa nan mo yo pou **eple** yo?
- Ki **mo difisil pou eple** yo gen difikilte avèk yo? (Nòt pou paran yo: Yo rele sa yo pafwa mo wouj, frekans elve, oubyen mo ki plis itilize)
- Ki tip mo espesifik yo gen pwoblèm avèk yo?
- Èske pitit mwen an nan **okenn ti gwoup** pou lekti oubyen ekriti? **Sou kisa l ap travay** nan gwoup sa yo? Ki materyèl yo ap itilize nan ti gwoup yo? Kòman tan ti gwoup la pral ede yo avèk konpetans espesifik yo bezwen pou yo travay sou yo?
- Kisa mwen kapab fè lakay?

Pou Elèv Ki Pi Gran/Pi Avanse yo

- Èske pitit mwen an ap li, anwo oubyen [pi ba pase nivo klas la](#)?
- Kòman pitit mwen an fè pou li ak eple **pi gwo mo yo** OUBYEN èske yo gen difikilte pou li ak eple mo ki pi piti yo?
- Ki **tip silab** li metrize? Èske gen yon bagay li gen difikilte avèk li?
- Ki **rasin, prefiks, ak sifiks** li te aprann? Èske gen pwoblèm pou sa yo?
- Ki **konpetans ekriti** li ap travay sou yo? Èske li gen difikilte avèk estrikti fraz yo oubyen èske li gen difikilte pou ekri papyè ki pi long?
- Èske li sanble **konprann** lè l ap li nan yon dokiman nivo klas li?
- Mande pwofesè a divès kopi **lis konpetans (kapasite ak sekans)** yo ap itilize yon jan pou w kapab make egzakteman ki kote pitit ou an ap byen travay oubyen bezwen sipò.
- Kisa mwen kapab fè lakay?

Chak elèv bezwen pi bon chans pou reyisi, e sa rive lè nou tout ap travay ansanm pou elèv yo. Pwofesè yo bezwen èd ou pou fè pratik konpetans lekti ak ekriti lakay avèk pitit ou an, e yo kapab reponn kesyon ou sou kòman pou reyalize sa.

Pou plis resous pou paran yo, vizite [sitwèb Sant Angajman Fanmi nan Tout Eta Ohio \(Ohio Statewide Family Engagement Center\) a](#).

Kesyon konsènan enfòmasyon sa yo? Ou kapab voye yon imel ReadOhio@education.ohio.gov.